

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina interaksi sosial masarakat multilingual bakal aya silih pangaruhan basa. Sakumaha nu ditélakeun ku Suhendar (2016, kc. 55) yén prosés silih pangaruhan antara kode hiji basa jeung basa séjénna disebut kontak basa. Salasahiji pangaruh tina wujud kontak basa nyaéta ayana campur kode.

Campur kode mangrupa salasahiji aspék gumantungna basa (*language dependency*) nu nyampak dina masarakat multilingual. Ayana fénoména multilingualisme di masarakat Indonésia ditegeskeun ku Sudarma & Yadnya (2015, kc. 101) yén di sagigireun basa daérah nu dipiboga jeung basa Indonésia salaku basa nasional, kabutuh pikeun ngawasa basa deungeun hususna basa Inggris ngalantarankeun masarakat Indonésia jadi masarakat nu multilingual.

Dina sababaraha épisode acara televisi kapanggih omongan basa Sunda nu kapangaruhan ku basa Indonésia, boh ti panata acara boh ti narasumberna. Conto konkritna dina acara “Milang Béntang” tanggal 25 Agustus 2018 nalika Rika Rafika salaku panata acara ngedalkeun “saleresna sim kuring sering tepang saupama nuju *off air*”. Komo deui saupama nu nongton jeung narasumberna geus lila teu maké basa Sunda. Éta hal ngabalukarkeun ayana campur kode dina acara “Milang Béntang”.

Peristiwa campur kode lumangsung nalika panyatur maké kecap atawa frasa campuran tina dua basa atawa leuwih. Thelander dina Chaer & Agustina (2010, kc. 115) nétélakeun yén campur kode nyaéta klausa-klausa atawa frasa-frasa nu dipaké dina hiji kajadian omongan nu diwangun ku klausa jeung frasa campuran (*hybrid clauses, hybrid phrases*), tapi fungsi tina masing-masing klausa atawa frasana patukangtonggong. Éta hal luyu jeung pamadegan Fasold (dina Chaer & Agustina, 2010, kc. 115) nu nétélakeun yén saupama panyatur maké kecap atawa frasa tina hiji basa, éta panyatur geus ngalakukeun campur kode.

Nurutkeun Suwito (1983, kc. 75-76) aya dua wanda campur kode, nyaéta campur kode ka luar (*outer code mixing*) jeung campur kode ka jero (*inner code*

*mixing*). Dumasar kana wujudna, campur kode bisa aya dina tataran morfologis, tataran sintaksis, jeung tataran léksiko-semantis. Suwito (1983, kc. 78) nétélakeun yén campur kode téh aya genep wujud nyaéta (1) nu ngawujud kecap, (2) nu ngawujud frasa, (3) nu ngawujud baster, (4) nu ngawujud idiom, (5) nu ngawujud klausa, jeung (6) nu ngawujud rajékan. Papasingan campur kode nurutkeun Suwito dipaké dina ieu panalungtikan ku sabab éta papasingan téh jelas dina ngabagi wanda jeung wujudna tur bisa dipikaharti.

Hal nu bisa mangaruhan kana kamekaran basa nyaéta média éléktronik. Dina jaman ayeuna, masarakat hésé leupas tina média éléktronik, salasihijina nyaéta televisi. Tongtonan-tongtonan dina televisi réana maké basa Indonésia sangkan bisa dipikaharti ku sakabéh masarakat Indonésia, tapi kiwari, geus loba ogé stasiun-stasiun lokal nu mekar di tatar Sunda tur maké basa Sunda salaku basa panganteur dina unggal acarana.

Acara “Milang Béntang” mangrupa salasihiji acara di AKTV, stasiun televisi lokal nu maké basa panganteur basa Sunda. Ieu acara midangkeun lagu-lagu pop Sunda katut sok ngadatangkeun inohong-inohong musik pop Sunda. Acara Milang Béntang salasihiji sarana pikeun nepikeun kreativitas para musisi, nu nyanyi, atawa nu mikacinta lagu pop Sunda. Ari panata acara “Milang Béntang” téh nyaéta Rika Rafika.

Panalungtikan anu ngarojong kana ieu panalungtikan nyaéta panalungtikan nu dilakukeun ku Cárdenas-Claros & Isharyanti (2009) nu medar ngeunaan alih kode jeung campur kode dina paguneman Internét. Hasil tina éta panalungtikan nétélakeun yén campur kode bisa mangrupa *insertion* (kecap atawa frasa) nu kaasup kana tataran morfologis, *alternation* (klausa) nu kaasup kana tataran sintaksis, jeung *congruent lexicalization* (dialék) nu kaasup kana tataran léksiko-semantis. Lian ti éta aya ogé panalungtikan séjén nu dilaksanakeun ku Rohmani, Fuady, & Anindyarini (2013) ngeunaan alih kode jeung campur kode dina novel *Negeri 5 Menara* karya Ahmad Fuadi. Dina éta panalungtikan nétélakeun yén nu kaasup kana wanda campur kode téh aya tilu, nyaéta campur kode ka luar, campur kode ka jero, jeung campur kode campuran. Dina ieu panalungtikan dipedar wanda campur kode dumasar kana tiori Suwito, nu mana wanda campur kode téh dibagi kana campur kode ka jero jeung ka luar. Ari wujud campur kode bisa aya

dina tataran morfologis nu ngawengku kecap, jeung baster; dina tataran sintaksis ngawengku rajékan kecap, frasa, jeung klausa; jeung campur kode dina tataran léksiko-semantis nu ngawujud idiom.

Campur kode salasihiji conto kasus sociolinguistik nu bisa dijadikeun objék kajian panalungtikan. Aya sababaraha panalungtikan dina wangun skripsi anu nalungtik ngeunaan kontak basa, saperti alih kode, campur kode, interférensi, jeung sajabana. Sawatara contona skripsi meunang Dewi (2018) anu judulna *“Campur Kode dina Karangan Pangalaman Pribadi Siswa Kelas VII SMPN 3 Bandung Taun Ajaran 2017/2018”* anu medar ngeunaan asal, wujud, jeung faktor campur kode dina karangan pribadi kelas VII SMP jeung Wulandari (2016) *“Campur Kode dina Karangan Siswa Kelas X IPA 4 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2015/2016”* anu medar ngeunaan wanda jeung wujud campur kode dina carpon karangan siswa kelas X SMA sarta faktor anu mangaruhanana.

Sasaruaan dina ieu panalungtikan jeung panalungtikan anu dilaksanakeun ku Wulandari (2016) nyaéta sarua medar ngeunaan wanda, wujud, jeung faktor nu mangaruhan campur kode. Ieu panalungtikan jeung panalungtikan nu dilaksanakeun ku Dewi (2018) ogé sarua medar ngeunaan wujud jeung faktor campur kode. Bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta dina sumberna. Panalungtikan meunang Wulandari (2016) sumberna tina karangan siswa Kelas X IPA 4 SMAN 9 Bandung, jeung panalungtikan anu digarap ku Dewi (2018) sumberna tina karangan siswa Kelas VII SMPN 3 Bandung. Sakabéh sumber dina panalungtikan saméméhna mangrupa wangun tinulis, ari sumber dina ieu panalungtikan mah mangrupa wangun lisan, nyaéta acara “Milang Béntang” AKTV.

Pikeun ngungkulan masalah dina ieu panalungtikan, dipaké pamarekan sociolinguistik. Wanda campur kode dianalisis dumasar kana unsur-unsur basa nu dipakéna. Ari wujud campur kode dianalisis tina unit basana, boh tataran morfologi, tataran sintaksis, boh tataran léksiko-semantik. Jaba ti éta, dianalisis ogé tina faktor kahirupan masarakatna.

Pentingna ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho lumangsungna peristiwa campur kode dina acara “Milang Béntang”. Ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa nambahan pangaweruh dina cara makéna basa anu bener tur

merenah. Sabab éfék tina campur kode saupama diantep bisa ngabalukarkeun tata basa anu salah, ayana dua ma'na atawa leuwih, sarta hariwang saupama campur kode kabawa kana tata tulis formal. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan kalayan judul “Campur Kode dina Acara Milang Béntang AKTV (Ulukan Sociolinguistik)”.

## 1.2 Rumusan Masalah

Campur kode anu diulik dina ieu panalungtikan nyaéta wanda campur kode jeung wujud campur kode nu kapanggih dina acara “Milang Béntang” AKTV. Wanda campur kode ngawengku campur kode ka luar jeung campur kode ka jero. Dumasar wujudna, campur kode bisa aya dina tataran morfologis, tataran sintaksis, jeung tataran leksiko-semantis. Campur kode dina tataran morfologis bisa ngawengku kecap jeung baster. Campur kode dina tataran sintaksis ngawengku rajékan, frasa, jeung klausa. Ari campur kode dina tataran léksiko-semantis ngawengku idiom.

Aya sababaraha masalah anu kaidéntifikasi dina ieu panalungtikan. Contona aya wanda campur kode nu kapanggih dina acara “Milang Béntang” AKTV, saperti *off air* nu mangrupa campur kode ka luar jeung kecap *bintang* nu mangrupa campur kode ka jero. Ari wujud campur kode nu kapanggih dina acara “Milang Béntang” AKTV aya nu mangrupa campur kode dina tataran morfologis, saperti kecap *show* jeung *dilist*; campur kode dina tataran sintaksis, saperti frasa *masa kini*; jeung campur kode dina tataran léksiko-semantis, saperti *tongkat éstafét*.

Ku kituna, dina ieu panalungtikan bakal maluruh ngeunaan wanda campur kode jeung wujud campur kode dina tataran morfologis, sintaksis, jeung léksiko-semantis nu ngawujud idiom dina acara “Milang Béntang” AKTV. Lian ti wanda jeung wujud campur kode, dianalisis ogé faktor nu mangaruhan campur kode dina acara “Milang Béntang” AKTV. Dumasar kana éta hal, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha wanda campur kode nu kapanggih dina acara “Milang Béntang” AKTV?
- b. Kumaha wujud campur kode dina tataran morfologis nu kapanggih dina acara “Milang Béntang” AKTV?

- c. Kumaha wujud campur kode dina tataran sintaksis nu kapanggih dina acara “Milang Béntang” AKTV?
- d. Kumaha wujud campur kode dina tataran léksiko-semantis nu kapanggih dina acara “Milang Béntang” AKTV?
- e. Faktor sosial naon waé nu mangaruhan campur kode dina acara “Milang Béntang” AKTV?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maluruh jeung nganalisis lumangsungna peristiwa campur kode dina acara “Milang Béntang” AKTV.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Tujuan husus tina ieu panalungtikan luyu jeung rumusan masalah nyaéta pikeun ngadéskripsikeun

- a. wanda campur kode nu kapanggih dina acara “Milang Béntang” AKTV;
- b. wujud campur kode dina tataran morfologis nu kapanggih dina acara “Milang Béntang” AKTV;
- c. wujud campur kode dina tataran sintaksis nu kapanggih dina acara “Milang Béntang” AKTV;
- d. wujud campur kode dina tataran léksiko-semantis nu kapanggih dina acara “Milang Béntang” AKTV; jeung
- e. faktor sosial nu mangaruhan campur kode dina acara “Milang Béntang” AKTV.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat boh mangpaat tioritis ogé mangpaat praktis.

#### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara tioritis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun nambahan élmu pangaweruh di widang sosiolinguistik minangka élmu ngeunaan basa katut nu makéna basa di masarakat. Salian ti éta, ieu panalungtikan bisa jadi ukuran dina

ngeuyeuban data anu valid pikeun mikanyaho kaayaan campur kode nu lumangsung di masarakat Sunda, hususna dina acara televisi lokal.

#### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Ieu panalungtikan dipiharep ogé miboga mangpaat sacara praktis nyaéta

- a. pikeun panalungtik, bisa nambahan pangaweruh ngeunaan masalah campur kode;
- b. pikeun masarakat, méré informasi ka masarakat yén campur kode mangrupa masalah dina masarakat multilingual nu mana di Jawa Barat ogé geus kaasup jadi masarakat multilingual; jeung
- c. pikeun panata acara stasiun-stasiun televisi lokal, bisa jadi acuan dina ngalakonan tindakan pikeun ngaronjatkeun *eksistensi* basa Sunda ku cara maké basa Sunda anu bener tur merenah.

#### **1.5 Raraga Tulisan**

Sistematika tulisan dina nyusun ieu skripsi dibagi jadi lima bab, nyaéta nu diwincik saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, jeung pamungkas aya raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, eusina mangrupa tatapakan tiori anu medar ngeunaan tiori nu patali jeung campur kode, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina ngeunaan désain panalungtikan, sumber data, téhnik ngumpulkeun data, instrumen ngumpulkeun data, jeung analisis ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngadéskripsikeun data jeung hasil panalungtikan.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina mangrupa kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi tina ieu panalungtikan, jeung saran-saran atawa rékoméndasi pikeun panalungtikan satuluyna.